


ÒTOPEDI NAN CHA

LÈT POU PASYAN



Chè _____,

Byenvini epi mèsi dèské w chwazi CHA pou operasyon Ranplasman Jwenti w lan. Nou vle pou w fè yon eksperyans pozitif epi pou w refè san danje. Pandan sejou w lan, w ap resevwa swen medikal espesyalize nan men chirijyen nou yo, enfimye otorize nou yo, oksilyè medikal nou yo, fizyoterapis nou yo, epi n ap mande w wè yon travayè sosyal oswa yon jesyonnè ka.

Nou konprann ou vle patisipe nan swen w ak nan gerizon w. Dosye sa a pral di w sa pou w atann epi ede w kolabore nan pakou ranplasman jwenti w lan. W ap jwenn eksplikasyon sou enstriksyon enpòtan yo ak sa ou dwe fè anvan, pandan, ak apre operasyon an. Tanpri pran kèk minit pou li enfòmasyon yo byen.

Mèsi ankò dèské ou se yon pasyan CHA pou operasyon Ranplasman Jwenti Antye. Nou pa ka tann pou n okipe w epi nou vle pou w alèz ak san danje. Tanpri diskite avèk nou sou tout sa k ap trakase w oswa sou kesyon ou genyen pandan randevou w ap genyen yo anvan operasyon w lan. Pou kesyon presi, ou kapab kontakte nou nan nimewo ki pi ba yo:

Telefòn: 617-665-1566

Faks: 617-726-8522

Salitasyon sensè,

Depatman Òtopedi an nan CHA

* Tanpri li dosye sa a epi konsève l. Li gen enfòmasyon enpòtan sou operasyon w lan, sejou w nan lopital la ak reyadaptasyon w. W ap jwenn repons pou kesyon pasyan yo poze souvan. Ou kapab gade dosye sa a pou rete enfòme tou. Sa ap ede akselere vizit ou yo nan kabinè a anvan ak apre operasyon an.